ІутІыж Борис и дунейр

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Нэхъ лъэщхэр зэхагъэкІ

4-нэ нап.

ИнтернеткІэ ди газетым Іэ тевдзэ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№145 (24.895) ● 2021 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущlапlэхэм къызэратамкІэ

Сэлэт мыцІыхухэр тщыгъупщэнукъым

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и интернет напэкІуэцІым щытепсэлъыхьащ дыгъэгъазэм и 3-м ди къэралым щагъэлъапІэ Сэлэт МыцІыхум и махуэм.

«НОБЭ ди къэралым щагъэлъапІэ зауэлІ щІыхьым епха махуэшхуэ - Сэлэт МыцІыхум и махуэр. Ар УФ-м и Президентым 2014 гъэм игъэуващ щытащ, Хэкум папщІэ зи псэр зыта, зи цІэ къудей ямыщІэ лІыхъужьхэр ягъэлъэпІэн папщІэ. Совет Армэм Гитлер Мэзкуу деж къыщигъэувыІауэ щытащ 1941 гъэм и пэщІэдзэм. Бийр абы иужькІэ тегушхуэжакъым щыхьэрым теуэну. Хахуэрэ псэемыблэжхэу Дзэ Плъыжьым хэт сэлэтхэм лІыгъэ къызэрымыкІуэ къагъэлъэгъуащ а зэманым. Хэкум и зы щІы кІапи бийм лъамыгъэсын папщІэ, абыхэм я псэр ятырт. Аращ а махуэм ди къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ щІиІэр.

Сэлэт МыцІыхум и фэеплъ комплексым деж цІыхухэр мелуан бжыгъэкІэ къокІуалІэ, зи цІэ къахуэмыщІа зауэлІ хахуэхэм пщІэ хуащІын папщІэ. УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и нэlэ щlэт лъыхъуакlуэ гупхэм абыхэм я цlэхэр зэхагъэкlыным теухуа я лэжьыгъэр зэи зэпыуркъым.

«Уи цІэр зыми ищІэркъым, ауэ уи лІыгъэр мыкІуэдыжынщ», - а псалъэхэр Мэзкуу дэт Кремлым деж щыт, Сэлэт МыцІыхум и кхъэлэгъунэм тетхащ, ахэр дэтхэнэ цІыхуми и гум зэпхедз.

Зэи тщыгъупщэнукъым лІыхъужь мыцІыхухэм я фэеплъыр».

ЛІакъуэхэм я зэпыщІэныгъэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Лъы щат и станцыр «Лъы зытым и код. Хэкум и хъумакІуэхэр» урысейпсо акцэм хэту ирагъэкІуэкІа «Лъы тын. ЛІакъуэхэм я зэпыщІэныгъэ» зэпеуэм къыщыхэжанык Іахэм ящыщщ.

РЕСПУБЛИКЭМ лъы щат и ІэнатІэм и ІэщІагъэлІхэм я Іуэху зехьэкІэр нэгъуэщІ щІыналъэхэми къыщагъэсэбэпын хуейуэ къалъытащ зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым.

Мы Іуэхур ирагъэкІуэкІащ мы гъэм и мазае лъандэрэ, ар хуагъэпсащ Хэкум и хъумакІуэм и илъэсымрэ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ. Абы и къызэгъэпэщакІуэщ Медико-биологие къэрал агентствэр, Лъымрэ къупщхьэ куцІымрэ тынымкІэ УФ-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыІэ зэзыгъэуІу советыр, Урысей Жор Плъыжьыр, Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ фондыр.

Зэпеуэм щытекІуахэр щагъэлъэпІащ Москва къалэм дэт ТекІуэныгъэм и музейм. Абы хэтащ лъы тынымкІэ зэгухьэныгъэм и лІыкІуэу 500-м щІигъу. Зэпеуэм и дипломхэр хуагъэфэщащ Урысеймрэ Беларусь Республикэмрэ я щІыналъэ 50-м къикІа цІыхуи 120-м.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лъы щат и станцыр «ГъащІэм и хъумакІуэ», «СощІэж. Сщыгъупщакъым» унэтІыныгъуитІым я лауреат хъуащ. Япэр лъы тыным цІыхухэр къыхэшэнымкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм, етІуанэр Хэку зауэшхуэм и зэманым щыгъуэ щытыкІэ къызэрымыкІуэхэм деж лъы тыным и мыхьэнэм теухуауэ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ драгъэкІуэкІа псалъэмакъ щхьэпэхэм теухуат.

Къыщынэмыщlауэ, республикэ станцым бжьыпэр щиубыдащ Лъы тынымкІэ ІэнатІэм и XVII урысейпсо форумым Іэзагъэр къэгъэлъэгъуэнымкІэ и зэпеуэм - «Донорым гулъытэ хуэщІын» унэтІыныгъэм. ТекІуахэр щагъэлъэпІащ «Урысей» лъэпкъ центрым. Зэпеуэр ирагъэкІуэкІащ фІэфІыныгъэ хэлъу лъы тыным зегъэужьын къэрал программэм хэту.

КІуэкІуэ Казбек медицинэ ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ зэфІэкІ лъагэхэр зэраІэм папщІэ, апхуэдэуи ехъулІэныгъэщІэхэр яІэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

ЦІыхубэр зэрыгушхуэ хъугъуэфІыгъуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ хэха щыхуащІ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ гъэзэщІэным. Абы и щапхъэщ «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщІэмрэ «Щэнхабзэм зегъэужьын» программэмрэ къриубыдэу ди щІыналъэм щызэфІах Іуэхугъуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек телеграм-каналым щиІэ напэкІуэцІым зэрыщитхымкІэ, нэхъапэ ирагъэщыпхъэ Іуэхугъуэхэм хеубыдэ республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр хъумэныр, ар цІыхубэр зэрыгушхуэ хъугъуэфІыгъуэу щыгъэтыныр.

«Гулъытэшхуэ худощІ щэнхабзэ ІэнатІэм хиубыдэ ІуэхущІапІэхэр зэгъэпэщыжыным, ахэр зыхуей хуэзэу зехьэным. Дызэрыт илъэсым дублащ Прохладнэ къалэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэр зэгъэпэщыжыныр. Апхуэдэу Бахъсэненкэ жылэм зэпэщ щащІыж щІыпІэ библиотекэр, Зеикъуэ щокІуэкІ къуажэм дэт, Сабий гъуазджэмкІэ школыр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлІа ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр. КъэкІуэну илъэсым ди мурадщ Налшыкрэ Гундэлэнрэ сабий гъуазджэмкІэ еджапІэхэр щыдухуэну, зи нэм сэкъат иІэхэм папщІэ республикэ библиотекэр зэдгъэпэщыжыну, Белая Речкэ, Тэрч районым я библиотекэхэр зэпэщ тщІыну. КъинэмыщІауэ, иджырей мардэхэм хуэкІуэ, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэр зи тегъэщІапІэ, зэпсэлъапІэхэр, зэхуэсыпІэхэр зыхэт библиотекэу хы 2026 гъэм къыщызэдгъэпэщынущ Налшык (тІу), Нарткъалэ, Безенги, Щхьэлыкъуэ, Урыху жылэхэм. Апхуэдэ библиотекэ ехьэжьауэ тхум зыхуей-зыхуэфІ техникэхэр, оборудованэхэр яІэрыхьакІэщ, - етх республикэм и Іэтащхьэм. - ІэщІагъэлІ зыхуэныкъуэ щІыпІэ жыжьэхэм ягъэкІуэнущ цІыху 15, абы тещІыхьа къэрал программэ хэхар и лъабжьэу, мылъкукІэ даІыгъыу. А программэм ипкъ иткІэ, къуажэхэм щыІэ щэнхабзэмкІэ унэхэм, гъуазджэмкІэ еджапІэхэм дгъэувакІэщ лэжьакІуийи.

КъэкІуэну илъэсым къриубыдэу мылъку хэха хуэдутІыпщыну ди мурадщ щэнхабзэ ІуэхущІапІэхэм, абыхэм творческэ лэжьыгъэмрэ я техникэ лъабжьэмрэ щегъэфІэкІуа, нэхъри щыгъэбыда хъун папщІэ. Къэрал театрхэм я зыужьыныгъэм хухэтхащ сом мелуан 21-м щІигъу. ЩэнхабзэмкІэ унэ 13 техникэщІэрэ оборудованэкІэ къызэдгъэпэщынущ. Библиотекэхэм я фондхэм зегъэужьыным хухыдох сом мелуани 4,2-м щІигъу. Бахъсэнрэ Дыгулыбгъуейрэ къыщызэІутхынущ сабийхэм папщІэ щэнхабзэ-зыузэщІыныгъэ центрхэр.

Къэралым щекІуэкІа зэпеуэхэм увыпІэфІхэр къызэрыщахьам ипкъ иткІэ, грантхэр иратынущ Ново-Покровскэ къутырым, Прималкинскэ, Кэнжэ жылэхэм, Солдатскэ, Приближнэ станицэхэм дэт щэнхабзэмкІэ унэхэм, апхуэдэуи Налшыкрэ Прохладнэрэ дэт библиотекэхэм. ОборудованэщІэхэр иратынущ Котляревскэ станицэм дэт музейм, КІыщокъуэ Алим и цІэр зэрихьэу Шэджэм къалэм дэт музейм. Бахъсэн, Тэрч, Тырныауз къалэхэм гъуазджэхэмкІэ я сабий еджапІэхэм макъамэ ІэмэпсымэщІэхэр иратынущ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, 2026 гъэм республикэм и щэнхабзэ ІэнатІэм и зыужьыныгъэм текІуэдэнущ сом мелуан 455-рэ».

Егъэджэныгъэм гулъытэ хэха егъуэт

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ я пашэу, депутатхэр иджыблагъэ щыІащ Налшык къалэм и курыт еджапІэ зыбжанэм. Абыхэм ягъусащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзоррэ Налшык къалэ округым егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Мэлбахъуэ Алимрэ.

Ар теухуат егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ щекІуэкІ ІуэхущІапІэхэр ухуэнымрэ зэгъэпэщыжынымрэ хуэгъэзауэ щыІэ лъэпкъ проектхэр республикэм зэрыщагъэзащІэм зыщагъэгъуэзэным.

КъулыкъущІэхэр япэу екІуэлІащ гимназие №14-м. Абы ныбжьыщІэ 800 щІэхуэну къыпащІыхьыжар мы гъэм фокІадэм и 1-м къызэІуахащ. 1 - 4-нэ классхэм щеджэхэм папщІэ ар сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзауэ къызэрагъэпэщащ. Абы хэтщ дерсхэр щрагъэкІуэкІыну пэш 32-рэ, информатикэмрэ хамэ къэралыбзэхэр щаджу пэшитІ, лъэщапІэрэ спорт пэшу тІу, шхапІэ (цІыху 475-рэ щІэхуэу), цІыху 500 щІэхуэу зыкъыщагъэлъагъуэ пэш (амфитеатр жыпхъэм тету ящІауэ), къэфэным зыщыхуагъасэ пэшышхуэ. Ухуэныгъэщlэр къызэрызэlуахам и фlыгъэкlэ, мы еджапlэм ныбжьыщlэхэр зы сменэкlэ псори щеджэу хъуащ.

Депутатхэм къыхагъэщащ еджакІуэхэм я щІэныгъэмрэ зэрызаужьынымрэ теухуауэ псори къызэрызэрагъэпэщар, ахэр сэбэп зэрахуэхъунум шэч къызэрытрамыхьэр.

«Улыбка» сабий гъэсапІэ №73-м иужьрей илъэс 37-м къриубыдэу иджыщ япэу зыхуей щыхуагъэзар. ХьэщІэхэр арэзы къищІащ унэм и щІыбкІи и кІуэцІкІи иращІылІа лэжьыгъэм, шхапІэр щІэтыпхъэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщам, гъэсэнхэм унэлъащІэхэмрэ зэреджэну хьэпшыпхэмрэ къызэрыхуащэхуам.

«ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иту зэфІагъэкІа а Іуэхум и фІыгъэкІэ, сабий 300-м щІигъур зыхуей хуэзэу мыбы щагъэсэну иджы Іэмал яІэщ.

Депутатхэр щыІащ школ-интерант №1-ми. Абыхэм зыщаплъыхьащ классхэм, иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэща, спортым зыщыхуагъасэ, зыщагъэпсэху пэшхэм. ЕджапІэ кІуэцІыр зэрызэрагъэпэщыжам къыдэкІуэу, абы къедзылІа щІыпІэри зэІузэпэщ ящІащ, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр хуиту абы зэрыщІыхьэфынури къалъытащ.

«ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ Іуэхум япэу хэхуахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжыр. Иджыблагъэ яухащ абы и общежитиер зэгъэпэщыжыныр.

Депутатхэр еджапІэ къэс щепсэлъащ я унафэщІхэми егъэджакІуэхэми. Ахэр яІуэщІащ езы гъэсэнхэми - я Іуэху еплъыкІэ, гупсысэкІэ зрагъэщІэну, еджапІэхэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэр къазэрыщыхъум зыщагъэгъуэзэну.

Егоровэ Татьянэ щІыналъэм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм щепсалъэм къыхигъэщащ мы зэманым къэралми республикэми я Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм егъэджэныгъэ ІэнатІэм зегъэужьыныр зэращыщыр. Республикэм щагъэзащІэ «Школхэр егъэфІэкІуэн» щІыналъэ Іуэхур. Абы ипкъ иткІэ еджапІэхэр, сабий гъэсапІэхэр, щІэныгъэ курыт щрагъэгъуэтхэр зэрагъэпэщыж.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым жиІащ ебгъуанэ классыр къэзыуххэм ящыщу щІэныгъэ курыт зэзыгъэгъуэтыну гупыж зыщІхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, апхуэдэ лэжьакІуэ ІэщІагъэлІхэм республикэр иджыпсту зэрыхуэныкъуэр. Егоровэм жиІащ студентхэр общежитиехэм зыхуей хуэзэу щыпсэуныр къызэгъэпэщынми мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Нобэ куэд ящІэ сабийхэм щІэныгъэфІ ягъуэтын папщІэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхум мыгувэу КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм дыщыхэплъэну ди мурадщ, ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ комитетым и жэрдэмкІэ. Абы ипэ къихуэу еджапІэхэм я Іуэхур зэрыдэкІыр къэтпщытэну мурад щІэтщІар аращ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Гимназие №14-м игъуэта зэхъуэкІыныгъэфІхэм къыщытеувыІэм, абы жиІащ курыт еджапІэр республикэм щынэхъыфІхэм зэрыхабжэм арэзы узэрытехъуэр, еджакІуэхэм ехъулІэныгъэфІхэр ЕГЭ-м, олимпиадэхэм къызэрыщагъэлъагъуэр. Абы жиІащ еджапІэм и зыужьыныгъэр зэрынэрылъагъур, ауэ иджыри гу зылъытапхъэхэр зэрыщыІэр.

УзыщыгуфІыкІын лэжьыгъэхэр щекІуэкІащ сабий гъэсапІэ №73-ми. «ІуэхущІапІэр зыхуей хуэзауэ жыпІэ хъунущ. Унэр зэбгъэпэщыжыныр ар зы Іуэхущ, сабийхэр зэребгъэджэн, зэрыбгъэсэн Іэмалхэр уимыІэуи хъунукъым. А ІуэхуитІми арэзы укъищІу мыбдеж щызэфІахащ», - къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым.

Егоровэ Татьянэ гукъинэж щыхъуахэм ящыщщ школ-интерант №1-р. Абы жиІащ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм яхуэгъэпса а ІуэхущІапІэм нэхъ ипэкІи ахэр мызэ-мытІэу зэрыщыІар, иджы ар сыт и лъэныкъуэкІи зэрызэрагъэпэщам гу лъумытэнкІи Іэмал зэримыІэр.

Иужьрей дыдэу хьэщІэхэр яхуеблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым зэрагъэпэщыжа и общежитием.

Егоровэ Татьянэ жиІащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэми, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм, къэрал унафэщІхэм хуэдэу, сыт щыгъуи къызэрапщытэр школхэр еджэгъуэ пІалъэм зэрыхуагъэхьэзырар.

Бжьыхьэсэр и кІэм ноблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм дуней щытыкІэм Іэмал къаритащ бжьыхьэсэр дагъуэншэу и кІэм нагъэсыну, къыитащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм.

ЗэкІэ хъыбар щыІэмкІэ, бжьыхьэсэр нобэкІэ хащІащ гектар мин 63,6-м е щІыуэ абы хухахэм и процент 90-м щІигъуым.

Абы щыщу гектар мин 47,5-м гуэдзым иратащ, гектар мини 10-м хьэр, гектар мини 6-м рапсыр хасащ икІи жылапхъэхэм уащІытешыныхьын щхьэусыгъуэ щыІэкъым, жаІащ мэкъумэшыщІэхэм.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым щІидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - абы Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кІэпІейкІэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кІэпІейкІэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

IутIыж Борис и дунейр

Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «IутIыж Борис и дуней» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ IутIыж Борис къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэхыхьэр къыщызэIуихым жиIащ IутIыж Борис унэтIыныгъэ куэдым зэфIэкI инхэр щиIэу, удэзыхьэх адыгэбзэ къулейкIэ тхэуэ, хьэл-щэн дахэ хэлъу, и макъым зримыгъэIэту, и нэгум гуфIэ къырихыу зэрыщытар, и лэжьыгъэхэр тхыдэм, литературэм, щэнхабзэм, театр гъуазджэм къызэрыхэнар, музейхэм зэрыщахъумэр, и спектаклхэр зэрагъэлъагъуэр. Министрым и псалъэм щIигъужащ лIэщIыгъуэхэр зэкIэлъыкIуэми, адыгэ лъэпкъыр псэуху, IутIыж Борис и цIэр зэрымыкIуэдыжынур, ар тхыдэм щыщ зэрыхъуам къыхэкIыу.

УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, композитор ХьэIупэ Джэбрэил зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ IутIыж Борисрэ абырэ зэныбжьэгъуу, зэдэгушыIэу, пщIэ яку дэлъу зэрыщытар. ХьэIупэм КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм фIыщIэ хуищIащ Борис къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэхэр къызэрызэригъэпэщам папщIэ икIи и псалъэм щIигъужащ Борис хуэдэ щIэблэ лъэпкъым къыщIэхъуэну зэрыщIэхъуэпсыр.

- И лэжьыгъэкIи, и IуэхущIафэкIи, и дуней тетыкIэкIи зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ цIыхут IутIыж Борис. Ар икIи филологт, бзэ щIэныгъэлIт, тхакIуэт, драматургт, усакIуэт, художник-график IэпщIэлъапщIэт. Творчествэр апхуэдизкIэ и псэм хэпщIати, куэдым хунэсырт, зэман къыздрихыр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу. IутIыжым къыщIэна лэжьыгъэхэм, и пьесэхэм нобо щIэупщIэшхуэ яIэщ. Мы лэжьыгъэхэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа куржы сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм зыкIи къыкIэрыхуркъым, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, график Бгъэжьнокъуэ Заурбэч.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ жиIащ IутIыж Борис сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытми жэуаплыныгъэ ин хэлъу Iуэхум бгъэдыхьэу, анэдэлъхубзэм пщIэшхуэ хуищIу зэрыщытар, республикэм и литературэр, щэнхабзэр, гъуазджэр зэригъэбеяр, абы и цIэр зэращымыгъупщэр.

- IутIыж Борис и лэжьыгъэхэм ущеплъкIэ, гу лъыботэ ар Куржым зэрыщеджам ижь къызэрыщIихуам. КупщIэ зыщIэлъ и лэжьыгъэхэм IуэрыIуатэр зэрыхиухуэнам мыхьэнэшхуэ иIэщ. IутIыжым къыгурыIуэрт и щIэинхэр щIэблэм зэрыхуэгъэзар. А цIыху щэджащэм къилэжьащ и цIэр зыщыдмыгъэгъупщэну, и щIэиным пщIэ хуэтщIыну, - жиIащ КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амурбий.

Шэрэдж щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Ефэнды Терезэ и гуапэу къыхигъэщащ IутIыж Борис щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, щIэиныфI къызэрытхуигъэнар, тхакIуэм и гъащIэр щIэблэм щапхъэ зэрахуэхъур. Абы фIыщIэ хуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ Борис и хьэл-щэн дахэхэр зыхэзылъхьа и бынхэмрэ.

IутIыж Борис и къуэ Шумахуэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ зэдэлъхузэшыпхъуэхэр я адэм и лъагъуэм иримыкIуами, абы и IэдакъэщIэкIхэр зэрахъумэным, щIэблэр зэрыщагъэгъуэзэным зэрыхущIэкъур. IутIыжхэ я лъэпкъым къыбгъэдэкIыу абы фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ, я адэм псалъэ гуапэхэр хужызыIахэм.

Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ IутIыжым и IэдакъэщIэкI сурэтхэр, пхъэм, жэзым, гъуаплъэм къыхищIыкIа хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр.

IутIыжым теухуа зэIущIэхэм къыкIэлъыкIуэ махуэм и пщыхьэщхьэм щыпащащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ къэрал драмэ театрым.

Театрым и пэIущIэ пэшым щагъэуват Борис и унагъуэм, и лэжьэгъухэм, и ныбжьэгъухэм я гъусэу зытригъэхауэ щыта сурэтхэм ящыщ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин IутIыж Борис къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуа гукъэкIыж пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, зэхуэсахэм усакIуэм и зы усэ къахуеджащ. Ар кIэщIу тепсэлъыхьащ IутIыж Борис и гъащIэмрэ гуащIэмрэ:

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и интеллигенцэм зи зэфIэкIкIэ къахэщ адыгэлI цIэрыIуэ IутIыж Борис Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэр 1960 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, 1963 гъэм щыщIэдзауэ 1968 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджащ. IутIыжым къиухащ Куржым ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием хыхьэу Тбилиси къалэм дэт Бзэ щIэныгъэхэмкIэ институтым и аспирантурэр. И диссертацэр абы щыпхигъэкIри, бзэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыфIащащ. 1975 гъэм щыщIэдзауэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэм щелэжь и секторым пщIэ зыхуащI и щIэныгъэлIу илъэс 20-м щIигъукIэ щылэжьащ. Борис егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэу Налшык дэт институтым лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ литературэхэмкIэ щыIэ кафедрэм и унафэщI къулыкъуи иIыгъащ. 1991 - 2008 гъэхэм ар щытащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу.

IутIыжыр яхэтащ «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ псалъалъэ» зэхэзыгъэувахэм. Адыгэбзэм ехьэлIауэ абы къыдигъэкIащ монографие, журналхэмрэ газетхэмрэ и тхыгъэ куэд къытехуащ, псалъалъэхэр зэхэлъхьэным и гуащIи и щIэныгъи хилъхьащ. Литературэм и жанр куэд къехъулIэрт IутIыжым. Псом хуэмыдэу абы и IэдакъэщIэкIхэм я фIагъыр къаIуатэрт къигъэсэбэп литературэ Iэмалхэмрэ и бзэ къулеймрэ. IутIыжым лъэпкъ драматургием хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Абы пьесэ зыбжанэ и IэдакъэщIэкIащ, «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Гуащэмыдэхьэблэ» пьесэхэр, нэгъуэщIхэри. Литературэм и адрей жанрхэми фIыуэ хэзагъэрт Борис. Абы балигъхэми сабийхэми яхуитхащ усэхэмрэ гушыIэ Iуэтэжхэмрэ. Сонет жанрми хэлъхьэныгъэ хуищIащ, поэмэ, новеллэ жыпIэми, куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ар икIи зэдзэкIакIуэ Iэзэт. Борис цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхухэм ятеухуа публицистикэ лэжьыгъэ куэди иIэщ.

ЗэрытщIэщи, езы тхакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхубэм къыхуаIэ фIылъагъуныгъэрт. Абы и лъэныкъуэкIэ Борис нобэми фIыуэ ялъагъу, и IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэ ин яIэщ. Ар икIи сурэтыщI Iэзэу, скульптор IэкIуэлъакIуэу, зэфIэкI зиIэ щIэныгъэлIу щытащ. Iэужь дахэ къэзыгъэна лIым дахагъэр фIыуэ зылъагъу, анэдэлъхубзэр зыфIэIэфI, гъащIэр зи щIэщыгъуэ псори зэрызэришалIэр хьэкъщ. ЛэжьакIуэшхуэт, цIыхугъэшхуэ зыхэлът, акъылыфIэт, губзыгъэт.

Къумахуэм кIэлъыкIуэу псалъэ иратащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт. Абы IутIыж Борис теухуа гукъэкIыж пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, жиIащ Борис зыцIыхуу щытахэм я насып къызэрикIар, я институтым зэман куэд зэрыщигъэкIуар, тхылъ 20-м щIигъу абы и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар, бзэ щIэныгъэми хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIар, сурэтыщI гъуазджэмкIи IэпщIэлъапщIэу зэрыщытар.

IутIыжым и гъащIэ гъуэгуанэм щриплъэжым, ар щхьэхуэу къытеувыIащ Борис и щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ абы анэдэлъхубзэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ.

КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис жиIащ IутIыж Борис илъэс куэдкIэ зэрицIыхуар, абы и цIэр, и фэеплъыр цIыхубэм зэращымыгъупщэнур. Ар и гуапэу къеджащ IутIыж Борис и зы усэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ IутIыж Борис теухуа пшыхьым ар фIыуэ зыцIыхуу щыта, и лэжьыгъэхэм дихьэх куэд зэрызэхуишэсар. Абы зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ зы тIэкIуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, зи ныбжьыр илъэс 95-рэ хъуа, тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ мы утыкум къызэрыщыпсэлъар, икIи, IутIыж Борис апхуэдэ гъащIэ къритатэмэ, лэжьыгъэ щхьэпэу лъэпкъым къыхуигъэнэфыну щытар икъукIэ зэрыкуэдыр. Сэхъурокъуэм щIигъужащ IутIыжым зы гъащIэм къриубыдэу хузэфIэкIар дгъэщIэгъуэн, и тхыгъэхэр къытедгъэзэжурэ дджын зэрыхуейр.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил къеджащ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мединский Владимир къыбгъэдэкI тхыгъэм.

IутIыж Борис и къуэ Шумахуэ фIыщIэ яхуищIащ зэхыхьэр къызэзыгъэпэща министерствэм, абы крихьэлIахэм, пшыхьым къыщыпсэлъахэм.

Пшыхьым щагъэлъэгъуащ IутIыж Борис и пьесэм къытращIыкIа «Гуащэмыдэхьэблэ» спектаклыр. IутIыжым ар зэритхрэ зэман дэкIыжами, иджырей гъащIэм и гъуджэм хуэдэщ. Ноби дрохьэлIэ унагъуэм щызекIуэ, зэщхьэгъусэхэмрэ зэнысэ-зэгуащэхэмрэ я зэхущытыкIэхэм ятеухуауэ гу зылъыптэ мыхъумыщIагъэхэм ящыщу утыкум щагъэлъэгъуа куэдым. Пьесэр цIыхухэр зыщIэзыгъэгупсысыжщ, никъусаныгъэхэм гу лъезыгъэтэжщ. Аращ театрым и къалэн нэхъыщхьэр, гушыIэ къудей мыхъуу, цIыхум я мыхъумыщIагъэхэр захригъэнынырщ.

IутIыж Борис теухуа зэхыхьэхэм щыпащащ ар къыщалъхуа Зэрэгъыж къуажэм тхакIуэм и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэм.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа Iуэхугъуэхэм кърагъэблагъэри хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщ лIыкIуэхэр, IутIыжым и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зылъагъухэр, и лэжьэгъуу, и ныбжьэгъуу щытахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэманым декIу щIэныгъэлI

Газетым и лэжьыгъэр махуэгъэпсым зэрытещIыхьам къыхэкIыу, гулъытэ зыхуэфащэ цIыхухэм я гугъу тщIыну нэхъыбэм къыщытхуихуэр абыхэм я юбилейр щагъэлъапIэм дежщ. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Мэрзей Аслъэнбэч къыщалъхуа махуэр адрейхэм къахигъэщын зэримыхьэлым дыщыгъуазэ пэтми, лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм къыхэкIыу, щIэныгъэлIым и цIэр къидмыIуэныр тфIэзахуэкъым.

● ДифI догъэлъапIэ

МЭРЗЕЙ Аслъэнбэч СулътIан и къуэр 1965 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм дунейм къыщытехьащ. 1983 гъэм абы дыщэ медалкIэ къиухащ Налшык дэт школ №12-р. Совет зэманым курыт еджапIэм къыщIэкIа дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми хуэдэу, Аслъэнбэчи армэм дэкIри, къэралым и пащхьэ щихь къалэныр Мурманск областым хыхьэ Печенегэ щIыпIэм щигъэзэщIащ. 1990 гъэм Мэрзейм къиухащ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетыр. 1990 - 1996 гъэхэм ар ягъэув КъБР-м и лъэпкъ музейм. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Аслъэнбэч Миклухо-Маклай и цIэр зезыхьэ, Этнологиемрэ антропологиемкIэ институтым и аспирантурэм щIэтIысхьэщ, 1997 гъэм «XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм зэфIэува адыгэ зекIуэр» диссертацэр утыку крихьэри, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. 2004 гъэм диссертацэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхылъыр Налшык къыщыдагъэкIыжащ.

1996 гъэм къыщыщIэдзауэ, Мэрзейр КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым этнологиемкIэ и къудамэм щылэжьащ. 2022 гъэм щIэныгъэлIыр Абхъазым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэрылажьэ хъури, 2024 гъэм доктор диссертацэр абы щыпхигъэкIащ икIи тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр къыхуагъэфэщащ.

Тхыдэр тхылъым щыму ит щIэныгъэ гъущэу къыпфIэзыгъэщI щIэныгъэлIхэм ящыщкъым Мэрзейр. ЗекIуэм тепсэлъыхьмэ, цейр щыгъыу, шым мэшэс, адыгэ лIыгъэр зэрызэхэлъыр къыбгуригъаIуэмэ, абы и щапхъэхэр псэзэпылъхьэпIэ IэнатIэм щыуегъэлъагъу. ЩIэныгъэлI куэд щыIэщ зытепсэлъыхь щIэныгъэр тхылъ напэкIуэцIым кърахыу, гъащIэм хамыпщэфу. Еджэн и лъэныкъуэкIэ щIыхуэ къытемына пэтми, Мэрзейм езыр зытепсэлъыхь блэкIар нобэрей махуэм и Iыхьэ ещIыф. ЩIэныгъэлIыр Куржы-абхъаз зауэм зэрыхэтари, «Абхъазым и ЛIыхъужь» цIэр зэрызэрихьэри Iуэху къызэрыкIуэу щыткъым. Тхыдэмрэ нобэрей махуэмрэ зэхуаку ямыIэм хуэдэущ Мэрзейр зэрыпсэур, и унагъуэ дахэри абы и щыхьэтщ. Езым идж адыгагъэрщ абы и жьэгум щытепщэр, и бынхэми абыхэм я быныжхэми яхипщэр.

Гулъытэ щхьэхуэ хуэфащэщ Аслъэнбэч езым и IэдакъэщIэкIхэм нэмыщI, и егъэджакIуэ Нало Евгение Жамырзэ и пхъум и фэеплъыр зэрыщымыгъупщэм. Налом и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа тхылъитI игъэхьэзыращ Мэрзейм. ЩIэныгъэлIым сытым дежи къыхегъэщ и акъылыр щызэрыубыд зэманым Нало Евгение и цIыхугъэ лъагэр унэтIакIуэ зэрыхуэхъуар.

«ЦIыхур къыщалъхуа махуэракъым мыхьэнэ зиIэр, гъащIэр зэрырихьэкIа щIыкIэрщ», - жеIэ Мэрзей Аслъэнбэч. А псалъэ хэIэтыкIахэм езы щIэныгъэлIым и гъащIэ гъуэгур жэуап купщIафIэ зэрахуэхъужымкIэ псори акъылэгъу къызэрытхуэхъунум шэч къытетхьэркъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● ТекIуэныгъэ-80

Мамыр гъащIэми зауэ IэнатIэми лIыгъэ щызезыхьа



Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэри лIыхъужьу къэплъытэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Сыту жыпIэмэ, уи нэгум къыпхущIэгъэхьэнукъым абы ялъэгъуамрэ ахэр зыIута гугъуехьымрэ я куэдагъыр. Зауэм щигъэвар щымыгъупщами, гъащIэ мамырыр гуIэфIтещIэж зыхуэхъуахэм ящыщщ мы тхыгъэ кIэщIым зи гугъу щыфхуэтщIыну Алшэгъыр Бэтокъуэ Исмэхьил и къуэр.

АР 1911 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Къэбэрдей АССР-м и Налшык районым хиубыдэ Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Алшэгъырыр Октябрь революцэр зыщIэж щIэблэм ящыщт. «Си адэмрэ си къуэш нэхъыжьхэмрэ тепсэлъыхьу зэхэсхауэ щытауэ сощIэж пщыр традзауэ, большевикхэр тепщэ хъуауэ, щIыр, заводхэмрэ фабрикэхэмрэ цIыху лэжьакIуэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ яй хъуауэ... Илъэсибл си ныбжьу арагъэнт абы щыгъуэ», - игу къигъэкIыжырт Бэтокъуэ.

ГъащIэщIэ зыухуэфынур щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхухэрт. Ар мызэ-мытIэу и адэм жиIэу зэхихат ныбжьыщIэми, мурад ищIат еджэну, IэщIагъэ зригъэгъуэтыну. Илъэс тIощI фIэкIа мыхъуу Нартан дэт курыт еджапIэм и военрук ящIауэ щытащ Бэтокъуэ. Къуажэм щыIэ парт организацэм жыджэру дэIэпыкъурт, абы ирагъэкIуэкI Iуэху псоми хузэфIэкI хилъхьэрт.

Хэку зауэшхуэр щIидза нэужь, Бэтокъуэ зыбжанэрэ лъэIу тхылъ военкоматым щIилъхьащ зэуапIэм яшэну хуейуэ. Зыкъомрэ къыхуадакъым. Дзэм къулыкъу щызыщIэну къызытехуэхэр къыхэтхыкIыныр и пщэ дэлът абы. «И кIэн къикIыу» 1941 гъэм и шыщхьэуIу мазэм даша иужь, танкхэм япэщIэт ротэм хэхуащ. Зауэ IэнатIэм Iутыху, ар партым хыхьащ, ротэм и политрук ящIащ.

1103-нэ фочауэ полкым и 328-нэ фочауэ дивизэм сержант нэхъыжьу хэту, Краснодар крайм хыхьэ Шаумян къуажэм и деж нэмыцэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм щыпэщIэтт, 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м ар уIэгъэ хьэлъэ щыхъуам. Абы щыгъуэ сэкъатышхуэ зыгъуэта и Iэ сэмэгур хилъхьэри, зауэм къикIыжащ Бэтокъуэ, и хахуагъэм папщIэ медали 9 къыхуагъэфэщащ. 2-нэ гупым и ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ щIалэм хузэфIэкI псор и жылэм хуищIэу псэужащ. 1947 гъэм абы къратащ «Хэку зауэ» орденым и II нагъыщэр.

Фашистым зэтрикъута къуажэхэр зэфIэгъэувэжыным хэлIыфIыхьащ Бэтокъуэ - Iэ лъэныкъуэмкIэ гъавэ исащ, и къуажэгъухэм ящIыгъуу ар зэщIикъуэжащ, я гуащIэдэкIымкIэ ди къэралым и текIуэныгъэр къызэрагъэIэгъуэр цIыхухэм яжриIэ зэпыту псэуащ.

Хэку зауэшхуэр иухыу илъэсих дэкIыжа иужь, Алшэгъырыр Налшык дэт мэкъумэш техникумым щIэтIысхьэри, агроном, зоотехник IэщIагъэхэр зригъэгъуэтат. Псэуху ар хуэпэжащ партым и гупсысэхэм, и щIэныгъэр хигъэхъуэн папщIэ зыщымысхьыж цIыхуу щытащ.

Илъэс куэдкIэ пощтзехьэу лэжьащ Бэтокъуэ, колхозым и правленэм нэхъ Iуэху тынш къыхуагъэлъагъуэми, «зыдгъэфIэну дыхунэсынщ» яжриIэурэ. А IэнатIэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «1978 гъэм екIуэкIа псэуныгъэ зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуа» дамыгъэ лъапIэр. ЗэпыщIэныгъэхэмкIэ Шэджэм и IэнатIэм и зэныбжьэгъугъэ судым, парт IуэхущIапIэм и бюром хэтащ.

Бэтокъуэ Нартан къуажэм щыпсэухэм къызэрацIыхур и пощт IэнатIэмкIэтэкъым, уеблэмэ и теплъэ уардэмкIэтэкъым. ТIуми къыбжаIэшхуэ щыIэкъым Бэтокъуэ и гъащIэм теухуауэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, пенсэм тIысыжа иужьщ, 1972 гъэращ, абы пощт къызэрырахьэкI хъуржыныр къыщищтар. ИпэкIэ ар щытащ бригадиру, фермэм и унафэщIу, зоотехникыу, колхозым и парт IэнатIэм и секретару, колхозым и тхьэмадэу. Коммунистым и гъащIэ псор тыхь хуищIащ къыщалъхуа и жылэм, колхозым, абыхэм я зыужьыныгъэм. Апхуэдэущ коммунист партым и гупсысэ нэхъыщхьэхэм хуэпэжу псэуа цIыхухъур и къуажэгъухэм зэращIэр.

Алшэгъыр Бэтокъуэ дунейм ехыжащ 1983 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м. Абы и фэеплъыр хуэсакъыу яхъумащ и быниплIым, ар зэи ящыгъупщэнукъым и къуэрылъхухэмрэ пхъурылъхухэмрэ, абыхэм къалъхужахэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Экономикэм зрагъэужьынущ

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ «Урысейр къоджэ!» инвестицэ форумым. Къэралым и УнафэщIыр тепсэлъыхьащ урысей экономикэр къагъэтIэсхъэну зэрыхэтым, Хэкум зегъэужьынымкIэ и IуэхущIэгъу нэхъыщхьэхэм, апхуэдэу къыхигъэщащ Украинэм иригъэкIуэкI хы хъунщIэныгъэм, Европэр зауэкIэ зэрыдалъэм хуэфэщэн жэуап зэрыритынур.

«УРЫСЕЙМ зыхещIэ и экономикэр лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм дакъузэну зэрыхэтыр, ауэ ар ехъулIэу абы япэщIэтыфщ. АдэкIэ дытелэжьэнущ зы къэралми емылъытауэ щIыпIэм и экономикэм унэтIыныгъэ псомкIи езым зэрызиужьыжыным хуэщIауэ Iуэхур зэрызытедублэнум. Мылъку и лъэныкъуэкIэ къэралым щытыкIэр щызэпIэзэрытщ, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятекIуэдэну ахъшэр псори ятедгуэшащ. 2025 гъэм ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэр инфляцэр зэрыдгъэмэщIарщ. Дыгъэгъазэм и кIэм ирихьэлIэу ар процентi 6 нэхърэ нэхъ мащIэ хъунущ. Къэралым къыщыщIагъэкI продукцэхэмрэ абы и IуэхутхьэбзэхэмрэкIэ къапэкIуэ хэхъуэр процент 0,5-м щегъэжьауэ зы процентым нэсынущ», - жиIащ къэрал УнафэщIым.

Путин Владимир къыхигъэщащ инвесторхэм дзыхь зыхуегъэщIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ахэр нэхъыбэу къызэрырашэлIэным зэрыхущIэкъупхъэр.

Бынунагъуэшхуэхэм къахохъуэ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ «Урысейм и къэкIуэнум теухуа проекти 100: ЦIыху» зэхыхьэм щыжиIащ мы зэманым къэралым щыпсэу бынунагъуэшхуэхэм сабий мелуани 9-м щIигъу зэрыщапIыр.

АБЫ къыхигъэщащ урысей цIыхухэм унагъуэр лъапIэныгъэшхуэу къалъытэу къызэрекIуэкIар, ноби апхуэдэ еплъыкIэ зэрыхуаIэр. Унагъуэр дэIыгъынырщ лъэпкъ проект псоми я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр. Бынунагъуэшхуэхэм я пщIэр къэIэтыным, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Урысейм и Правительствэм щIэх-щIэхыурэ Iуэху пыухыкIахэр къыхелъхьэ икIи ахэр нэсу зэрагъэзэщIэным ткIийуэ кIэлъоплъ.

Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэр социальнэу хъумэнымкIэ и министр Котяков Антон жиIащ 2025 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ Урысейм и бынунагъуэшхуэхэм я бжыгъэм проценти 8-м щIигъукIэ зэрыхэхъуар икIи абы я бжыгъэр мелуани 2,9-м зэрынэсар.

Дыгъэгъазэм и 4, *махуэку*

♦**Информатикэм и махуэщ**
♦**1707 гъэм** Урысейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ узыншагъэм щыкIэлъыплъ къэрал IуэхущIапIэ (иджыпсту ар Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэщ).
♦**1946 гъэм** Москва щызэпкъралъхьащ «Москвич-400» лIэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.
♦**1907 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало ЛутIэ**.
♦**1927 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 5, *мэрем*

♦**ЩIыгулъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**
♦**1936 гъэм** СССР-м и етIуанэ Конституцэр къащтащ. Ар тхыдэм хыхьащ «Сталиным и Конституцэ» цIэр иIэу.
♦**1936 гъэм** КъБАО-р КъБАССР хъуащ.
♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн Езанэм щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.
♦**1916 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щыщ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуныжь Зэмахъшэрий**.
♦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къумыкъу Тыгъуэн**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м, РАЕН-м я академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Нэхущ Iэдэм**.
♦**1960 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Заурбэч**.
♦**1992 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист **Быщтэ Азэмэт**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Нью-Йоркрэ Кавказымрэ я зэхуакум

«ПсэлъэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ», - жиIэркъэ адыгэ псалъэжьым. Нью-Йорк къалэм зэрымыщIэкIэ псэлъэкIэ зыщIэхэмрэ IэштIымкIэ нэхъыбэ къыбгурызыгъэIуэфхэмрэ щызэтрихьащ щэкIуэгъуэм. Дызытепсэлъыхьынур Мамдани Зохран къалэтету зэрыхахамрэ Кавказым щыщ бэнакIуэ Махачев Ислъам иджыри зы чемпион бгырыпх къызэрихьамрэщ.

АМЕРИКАН щIалэхэр зопсалъэ:

- Дагъыстэным щыщ щIалэ 50-рэ Нью-Йорк щыщ щIали 100-рэ зэзауэмэ, хэт текIуэнур?

- Хьа-хьа-хьа, Дагъыстэнхэм яшхыпэнущ ахэр! Нью-Йорк нэхъ лъэрызехьэ дыдэу дэс щIали 100-р дагъыстэн щIалитхум ятекIуэнкIи хъунщ зэрымыщIэкIэ, ауэ абы щыгъуэми, американхэм я бохъши, вакъи, щыгъыни къыхуагъэнэнукъым.

Апхуэдэ хъыбар гъэщIэгъуэнхэм уащрохьэлIэ гъунапкъэ псоми зэпрыкIыф интернетым. Ахэр нэхъыбэж зэрыхъунум и щыхьэту, БэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ спортым щэкIуэгъуэм и 16-м Нью-Йорк щригъэкIуэкIа зэIущIэм хьэлъагъ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпиону иджыри къэс щыта, Дагъыстэным щыщ, лак лъэпкъым къыхэкIа Махачев Ислъам Австралием щыщ Мадалленэ Джек Деллэ щытекIуэри, хьэлъагъ курытымкIи дунейпсо чемпион хъуащ. Нурмагомедов Абдулманап фIыкIэ зыщыгугъ гъэсэнхэм язу къекIуэкIащ Махачевыр. «Сэ иджыри зы дунейпсо чемпион диIарэт жызоIэ, Хьэбиб зэрымыщIэкIэ текIуэныгъэр къихьауэ къащымыхъун, дэ хабзэ пыухыкIам тет гъэсапIэ хуэдэу дызэрызэхэтыр къагурыIуэн папщIэ. Сызыщыгугъри Махачевырщ, ар уеблэмэ зыгуэрхэмкIэ Хьэбиб нэхърэ нэхъыфIщ», - жиIауэ щытащ Абдулманап. Иджы щIалэр Нурмагомедов Хьэбиб и нэIэ щIэту, абы и гупым хэту, спорт утыкушхуэм итщ. Iыхьитхуу зэхэта бэнэгъуэ пIалъэм Австралием щыщ бэнакIуэм зы Iэмали къыщыхуэгъэщхьэпакъым, ар Махачевым текIуэнкIи хъуну гурыщхъуэ пщIын хуэдэу. Дагъыстэн щIалэр зэрытекIуар наIуэ щыхъуа дакъикъэм, Хьэбиб и ныбжьэгъум и дамэ зырызым бгырыпх хьэлъитIыр трилъхьэщ, езым ар и пщэм дигъэтIысхьэри, утыкум къыщрихьэкIащ. Зэрыхабзэу, «Россием щыщ щIалэр БэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дунейпсо чемпион зэрыхъуар, ар иджыри къэс чемпиону щыта Мадалленэ зэрытекIуа» хъыбарыщIэр зэбгрылъэтыкIащ.

Пэжыр жыпIэмэ, мы спорт къудамэм цIыхухэр зэрыдихьэхыр гъэщIэгъуэнщ, апхуэдизкIэ ар гущIэгъуншагъэм, цIыхум удын едзыным тещIыхьащи. ИтIани, къару зэраIэм нэмыщI, гъэсэныгъэрэ цIыху хэтыкIэ зэпIэзэрытрэ зыдэплъагъу дагъыстэн щIалэхэр куэдым щапхъэ яхуохъу. Ахъшэр - къарууэ, къарур - ахъшэу щыщыт лъэхъэнэм фадэм и бий, адэ-анэр зылъытэ, унагъуэм и уасэр зыщIэ апхуэдэ цIыху утыкум итыным мыхьэнэшхуэ иIэщ щIалэгъуалэм я дежкIэ. Мы щIалэхэр инджылызыбзэкIэ зэрыпсалъэм и фIыгъэкIэ, лъэпкъ куэду зэхэт Урысейми Кавказми ятеухуауэ куэд къыщащIащ дунейм. Ди щIыналъэм щыпсэухэр зэрымыхьэщхьэрыIуэр, щIэныгъэми гъэсэныгъэми къалъыс увыпIэр зэрыщаубыдыжыфыр къагъэлъэгъуащ.

Нурмагомедов Хьэбиб корреспондентхэм яз къеупщIат: «Уэ сытым дежи уи адэм утопсэлъыхь, сыт ар апхуэдизрэ къыщIыхэбгъэщыр?» «Япэрауэ, ар си адэщ, ди диным унафэ къытхуещI адэм пщIэ хуэтщIыну. ЕтIуанэрауэ, аращ сэ цIыху къысхэзыщIыкIари мы сыздынэса лъагапIэм сынэзыгъэсари. Куэдрэ къызжиIэрт: «Чемпион ухъун ипэкIэ, цIыху умыхъуу хъунукъым. ЦIыху мыхъуа спортсмен къарууфIэм и зэраныгъэшхуэ цIыхухэм екIынкIи хъунущ, абы къыхэкIыу, псом япэ гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ зэгъэгъуэт».

«Абдулманап тренер хуэдэутэкъым дэ къызэрыдбгъэдэтыр, - игу къегъэкIыж Махачев Ислъам, - адэм хуэдэут. Куэдрэ уи Iуэхухэр щызэхуэмыхъу, фIэгъэнапIэ къыщыпхуагъуэт къыпхуохуэ Дагъыстэным. Абдулманап къыджиIэрт: «Фи Iуэху зыIутыр къызжефIи, сэ псори зэфIэзгъэкIынщ, фэ фи къалэныр зыщ - спортзалым зыщывгъэсэныр».

Махачевыр чемпион тIуащIэ зэрыхъуам и хъыбарыр иджыри и гуащIэгъуэм икIакъым. Нэхъ пасэу Трамп Дональд жиIэгъауэ щытащ США-м и тетыгъуэр щылажьэ Унэ Хужьым БэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэIущIэ щригъэкIуэкIын хуэдэу. Махачевыр утыкум къыщикIыжым, ар ягу къагъэкIыжа хъунти, игу зэрыхэхъуэм и щыхьэтхэм язу къыжьэдэхуащ: «ИIэ, Трамп Дональд, сынокIуэ, Iух Унэ Хужьым и бжэр!» КъызэрыщIэкIымкIэ, а псалъэухари здынэсыпхъэм нэсауэ, цIыхухэм нэгузыужьым зыхуагъэхьэзыр. Ауэ Нурмагомедов Хьэбиб жиIащ: «Си щхьэкIэ, сыхуейкъым Ислъам Унэ Хужьым щызэуэну». Сыт щхьэкIэ? А упщIэм и жэуап щIалэм иритын идакъым, ауэ бысымым ущыгугъышхуэ зэрымыхъунур хэти ещIэ. «Унэ Хужьым, япэрауэ, Махачевым къыдэщIхэр щIагъэхьэнукъым. ЕтIуанэрауэ, Унэ Хужьырщ дунейм мыхъумыщIагъэрэ гущIэгъуншагъэу щекIуэкIым епха унафэхэр къыщащтэр. Ещанэрауэ, цIыхушхуэхэм я пащхьэм пщылIхэр щагъэджэгу, хьэ щызэрагъэшх, адакъэ щызэрагъэзауэм ещхьу, сыт американ къулыкъущIэхэм ди щIалэхэр зэштегъэупIэ щIахуэхъунур», - жаIэ екIуэкIым кIэлъыплъхэм.

Мамдани Зохран теухуауэ псалъэ зыбжанэ

Махачевым и хъыбарым апхуэдизу зедгъэубгъунутэкъым, а къалэ дыдэм иджыри къэс къыщымыхъуауэ, инд щылъху, Африкэм хыхьэ Угандэм щыщ унагъуэм къыхэкIа Мамдани Зохран Нью-Йорк и къалэ тету зэрыхахар абы къыпымыхъуамэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Махачевымрэ Мамданирэ зэныбжьщ, тIури илъэс 34-рэ мэхъу.

«КЪЫЗГУРОIУЭ сэ илъэс 33-рэ фIэкIа сызэрымыхъум къыхэкIыу, сызэрыффIэщIалэр, - яжриIэрт Мамдани и хэхакIуэхэм, - ауэ гъэ къэс зы илъэскIэ нэхъыжь сыхъуну фыкъызогъэгугъэ, фи гуапэ хъун папщIи, нобэ илъэс 34-рэ сызэрыхъуар вжызоIэ».

Къыпеуэхэм, езыхэм нэхърэ тIукIэ нэхъыжьхэм яжриIэр нэгъуэщIт: «Фэ Iуэхум зэрыхэзмыщIыкIыр къызэвудэкI щхьэкIэ, ар Iуэхум гу къабзэкIэ сызэрыбгъэдыхьэм иредгъэкъуж. Ауэ щыхъукIэ, фэ Iуэхум нэхъыбэ зэрыхэфщыкIым гу къабзэ фищIыжыну гугъэ щыIэкъым».

ЩIалэ жьэнахуэр тетыгъуэр иужьрей хэхыныгъэм зыIэщIэкIа, итIанэми, къэрал унафэм и Iыхьэшхуэ зезыгъакIуэ демократ партым щыщщ, къызыхэкIар муслъымэн унагъуэщ. Аращ Трамп Дональд мы щIалэм «коммунист-фанатик» щIыфIищар.

Езы Мамдани куэдрэ гупсысакъым абы псалъэ хуигъэхьын папщIэ. «Трамп Дональд, иджыпсту псалъитI бжесIэнущи, укъызэрызэдаIуэ Iэмэпсымэм и макъыр хуабжьу дэшей! - къиуващ ар утыкум. - Сэ сысоциал-демократщ икIи сымуслъымэнщ. А тIум щхьэкIи «къысхуэгъэгъу» жысIэну си мурадкъым».

Америкэр езыр хэхэсхэм я къэралущ зэрызэфIэувар, Нью-Йорк уеблэмэ абыхэм я щыхьэру жыпIэ хъунущ, хэхэс нэхъ лъэрызехьэхэр зыдэсыр мы къалэрщ. Езы Мамдани Америкэм къыщалъхуакъым, США-м щыIэпхъуар илъэсиблым итущ. Хъыбар зэпыщIапIэхэм жыджэру зэрызыкъыщигъэлъагъуэм, цIыхухэм гумащIэу зэрадекIуэкIым, Нью-Йорк и къалэтету хахмэ, зыщIэхъуэпсхэр яхуищIэну къызэригъэгугъэм, икIэмикIэжым и цIыху щIыкIэмрэ унагъуэкIэ далъагъумрэ я фIыгъэкIэ, зи Iэр зыIэтахэм я процент 50-м щIигъур Мамдани къратащ.

2026 гъэм и щIышылэм и 1-м къулыкъум теувэну къалэтетыр и щхьэ течауэ топсэлъыхь США-м щыгъуэ махуэу къилъытэ фокIадэм и 11-м иужькIэ, умуслъымэну Америкэм ущызекIуэныр гугъу хъуауэ зэрыщытам. Дин зэрызэрихьэр псалъэкIэ жиIэ къудей мыхъуу, Мамдани мэжджытхэми мэремкIэ макIуэ, тхьэмыщкIэхэм ерыскъы яхуэзыгуэшхэми яхэтщ, азэныр хуабжьу ягъэджэну хуит зыщI унафэр гъуэгу тетщ.

Зохран щIэныгъэр щытепщэ унагъуэм къыхэкIащ, езыри Африкэр, Индиер, Америкэр и къэхъугъэкIэ зэзыпх цIыхуу къызэрыдэкIуэтеям, цIыхубэм тыншу ядекIуэкI, дэтхэнэ лъэпкъым къыхэкIами и щытыкIэм иувэф, уеблэмэ и бзэр къэзыпхъуатэ щэн дыболъагу. Абы и адэр профессорщ, Африкэм программэ щхьэхуэкIэ къраshу, Америкэм щрагъэджа щIалэ 23-м язщ. И анэр кинорежиссерщ, абы и зы фильм Оскар саугъэтым хуагъэлъэгъуауэ щытащ. Къалэтетым и пщIэм и щIэгъэкъуэнышхуэщ дызэрыт илъэсым и пэм щхьэгъусэ хуэхъуа, Сирием 2021 гъэм иIэпхъукIа сурэтыщI Дуваджи Рамэ. Хъыджэбзри зэщхьэгъусэхэм я утыку итыкIэ нэмысыфIэри цIыхухэм апхуэдизкIэ ягу ирохьри, я фIэщу гъащIэщIэм поплъэ.

Къалэ цIэрыIуэм и унафэщIу муслъымэн зэрытеувэм игъэгузавэхэр мащIэкъым. Абыхэм я дежкIэ шэкъэуэжщ зи жыIэгъуэ мыгъуащэ Маск Илон абы «демократ партым и пщэдейрей махуэ» зэрыфIищар.

«Къулыкъум щытеувэкIэ, Тхьэ иIуэн папщIэ, Мамдани КъурIэным зэрытеIэбэу, Трамп Iэщэ къиштэнурэ зэуэн щIидзэнущ», - жиIащ щIалэм и жагъуэгъухэм я зым. АрщхьэкIэ щэкIуэгъуэм и 23-м президентымрэ Мамданирэ зэхуэзэри, я акъыл зэтехуащ, Трамп щIалэщIэр игу зэрырихьари ибзыщIакъым.

Дауэ хъуми, илъэсыщIэм зэрыщIидзэу, Мамдани и пщIэм хэхъуэным щыщтэхэм ялъэкI къагъэнэнукъым абы и фIэщхъуныгъэм дагъуэ къыхуагъуэтын папщIэ. ИпэжыпIэкIэ, а дагъуэр абы иIэщ: Мамдани зытетыр шиит къудамэм къыгуэкIыкIа дин зехьэкIэрщ. Ауэ Америкэм дежкIэ муслъымэн псори зы фэщ.

Мамдани Палестинэм къыдощI, Израилым абы ирищIэкIа зауэм «лъэпкъгъэкIуэд» хужиIащ. Ар я щхьэусыгъуэу, абы «журтхэм еныкъуэкъу цIыху» къыфIащакIэщ. Ауэ зи къару илъыгъуэм ит щIалэр къикIуэтыныфэкъым.

ЩIалэхэр зэрагъасэр

Ди лъэхъэнэр психологхэм я зэману пхужыIэнущ. Ар цIыхухэр зыхуейр нэхъ ягъуэт зэрыхъуам къызэрырикIуари нэрылъагъущ. Псоми жаIэн яIэщ, зыри зыми едэIуэну хуейкъым. Гъэсэныгъэм епха чэнджэщхэр зэбгрызытыкI психологхэм ящыщу пщIэ нэхъ зиIэхэм язщ Бабаянц Алексей.

АДЭ-АНЭХЭМ папщIэ чэнджэщ зэIущIэхэр ирегъэкIуэкI зи гугъу тщIы Бабаянц. Абы къиухащ совет зэманым «гущIэгъу зыхэлъ педагогикэ» унэтIыныгъэр къызэзыгъэпэщауэ щыта Амонашвили Шалвэ и цIэр зезыхьэ академиер. ГъэсакIуэ-психологыр и щхьэ течауэ топсэлъыхь языныкъуэ адэ-анэхэм я бынхэм деж щыхъыжьэурэ ягу зэрызыщагъэкIым, зэхущытыкIэм и нэщэнэхэу зыIэщIэбгъэкI мыхъунухэм, щIалэ цIыкIум и гъэсэныгъэр хъыджэбз цIыкIум ейм къызэрыщхьэщыкIыпхъэм.

«Языныкъуэ адэ-анэхэр егъэтхьэусыхэ я къуэхэр хъыджэбз цIыкIухэм ещхь зэрафIэхъум, далъагъу хьэлхэри щIалэ цIыкIу хьэлу зэрыщымытым, - щыжеIэ Бабаянц «Дауэ щIалэ цIыкIум лIы хьэл зэрыхэплъхьэнур?» семинарым. - А щытыкIэр пхъуэжыфынущ. Анэм щIалэ цIыкIум лIы хьэл къыхуегъэщтэнущ абы гулъытэ зэрыхуищI къудеймкIэ. И адэм - а хьэлым зыузэщIыпIэ иритыфынущ. Сыт и нэщэнэр сабийм лIы хьэл зэрызыхилъхьэм? Япэрауэ, екIуэкIыр къыгуроIуэ. ЕтIуанэрауэ, пщIэ хъунур зэрегъэзэхуэф. Ещанэрауэ, и цIыхухъупщIэр къэзыхъумэну хэкIыпIэр езым къегъуэтыж».

Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт, жеIэ Бабаянц цIыхухэм ядэуэршэррэ пэт, щIалэ цIыкIум щыуагъэ гуэр IэщIэкIауэ. Апхуэдэ къызыщымыщI щыIэкъым. Анэр абы щытыкIитIкIэ бгъэдыхьэфынущ. Е и къуэм тезыр трелъхьэ, е сабийм IэщIэщIа щыуагъэм кърикIуа мыхъумыщIагъэр езым ирегъэшэчыж. ЩIалэм лIы къыхэсщIыкIынщ жыпIэмэ, етIуанэм и мыхьэнэр нэхъ инщ.

Псалъэм папщIэ, сабийм жып ахъшэ щепткIэ къыгурыбгъэIуэн хуейщ абыкIэ шоколадрэ шэIумылрэ фIэкIа кърипщэху мыхъуну зэрыщымытыр. Узыхуэмыхьэзыр щытыкIэ гуэр уихуэмэ, а ахъшэр къэбгъэсэбэп зэрыхъунур. МыхъумыщIагъэ гуэр пIэщIэщIэмэ, псалъэм и хьэтыркIэ, щхьэгъубжэм хэлъ абджыр пкъутамэ, уэ узыхуей шоколадым зыхыбогъэкIыжри, щхьэгъубжэм абдж хыбогъэлъхьэж. ЩIалэ цIыкIум къыгурыIуэн хуейщ «бгъэзэкIуэжа щыуагъэм цIыху щыпкъэ къызэрыпхищIыкIыр».

ЦIыхухъу зэхущытыкIэр къиинщ, хъулъхугъэхэм я зэхуакум къаугъэ къыщыхъурейщ. Апхуэдэ гуэрым хэхуа щIалэ цIыкIур а щытыкIэм и щхьэм пщIэ хуищIыжу е хуимыщIыжу фIэкIа къыхэкIыфынукъым. А псор къызыгурымыIуэ анэм и къуэр фIэпсэкIуэд мэхъури, гъащIэм щихъумэну хуожьэ. «Сэрыншэу упсэуфынукъым, си къуэ цIыкIу» гупсысэм тришэну хэтщ. Апхуэдэ «IурыцIэлъым» къыкIэлъыкIуэнур сыт? ЕтIуанэ гъуэгу анэм жиIэнущ: «Сэ уэ пхуэсщIам иужькIэ апхуэдэу укъысхущытщ». А псалъэхэр куэдрэ зэхихмэ, щIалэ цIыкIум текIуэныгъэм къигъэуш псэм и къарур зыщIишэну хунэсыркъым, лIы хъуну Iэмал къыхуэнэркъыми, зыхуейр зригъэгъуэтыну фIэкIа, нэгъуэщI зыри къыфIэмыIуэхуу къотэдж. Апхуэдэ сабийм зыри имыщIэну хэтщ, хэкIыпIэ къилъыхъуэн мэшынэ. Псори къэгъэнауэ, пщэдджыжьым укъэмытэджу щIэмыхъунур къыгурыIуэркъым.

И къуэр лIы зыщIыну хуей анэм и псэлъэкIэр нэгъуэщIщ: «Сэ уэ фIыуэ узоцIыху, уэ пхузэфIэкIынущ ар, шэч къытесхьэххэркъым. Псори зэхэбгъэкIынурэ, зэрынэхъыфIым хуэдэу пщIынущ».

Анэм сабийм теухуауэ иIэ фIэщхъуныгъэм и фIыгъэкIэ, щIалэ цIыкIум нэхъыщхьэ дыдэу дэплъагъупхъэр зыхелъхьэ - илъагъум егупсысу, зыгуэрым зригъэсэфу мэхъу. Апхуэдэ цIыхум гъащIэм зрыримыгъэщIыкIыу, къыщыхутэ щытыкIэ псоми дерс къыхехыф.

Ин жыIэ-цIыкIу Iуатэ

КъызыхуигъэщIа IэщIагъэр цIыкIу щIыкIэ зыдэплъагъу сабийхэр щыIэщ. Къэзахъстаным хыхьэ Актобе къалэм щыщ Жапалаковэ Марьям зэрыхъур илъэс 12 къудейщ, ауэ цIыху мелуанхэр кIэлъоплъ абы и напэкIуэцIым къыщит «Унагъуэ хъыбархэм».

«КЪЭЗАХЪСТАНЫМ къыщыунэху вагъуэщIэ» зыфIаща пщащэ нэIурыт цIыкIум и «Марьямок» напэкIуэцIым щытхъурэ гъэфIэгъыбзэу щызэблэкIыр пхужыIэнкъым. Сыт афIэкIа зимыныбжь сабийм къитыфынур, зэи къэзымылъэгъуа, щIыпIэкIи пэжыжьэ цIыхухэм я гулъытэр ихьэхуфын хуэдэу? Сабий куэд къозэрыхь хъы зэпыщIапIэм, ауэ Марьям и напэкIуэцIыр псоми къахощ, иджыри цIыкIущ зыхужыпIэфыну пщащэр тележурналисту къалъхуа фIэкIа пщIэнукъым.

Мес сабийхэр анэшхуэ-адэшхуэхэм я деж яшэри, хадэм щагъэлэжьэну къыщIокI. «Загъэпсэхуну, я нэгу зрагъэужьыну къагъэгугъа сабийхэр, къызэрыщIэкIымкIэ, гугъу ирагъэхьыну яшэрт, IэфIыкIэхэмкIэ къагъэпцIауэ». Апхуэдэ щIыкIэу, гушыIэмрэ езым къыбгъэдэкI нэIурытыгъэмрэ зэхеухуанэри, Марьям и адэ-анэмрэ и дэлъху нэхъыщIэ Умаррэ ящIэхэр дуней псом ялъегъэлэс. «И жьэр IэкIэ щIалъхьа нэхъей», - жаIэ адыгэхэм апхуэдэхэр щалъагъукIэ.

Марьям и анэ Гаухар зэрыжиIэмкIэ, хъыджэбз цIыкIум и интернет напэкIуэцIыр зыкъомрэ адрейхэм ейм зыкIи къыщхьэщымыкIыу щытащ. Сурэт тIэкIу кърилъхьэу, усэ тIэкIу къеджэу, джэгупIэ-тегъэупIэ хуэдэу кърихьэкIащ. Хуэмурэ анэм гу лъитащ хъыджэбз цIыкIум макъкIэ хъыбар къитыну зэрыфIэфIым, ахэр гушыIэ хэту зэрызэхилъхьэм, дэтхэнэ хъыбарми телевиденэм къит хъыбарыщIэхэм я макъамэр зэрыщIигъэувэм. ЩыанэкIэ, дэIэпыкъунтэкъэ? Арати, зэанэзэпхъум темэ хъарзынэ къагъуэтащ, адрейхэм зыпамыщIыжын папщIэ. «Унагъуэ хъыбархэр» - апхуэдэу фIищащ хъыджэбз цIыкIум пщэфIапIэми, хьэщIэщми, щIыхьэпIэми, кIыхьу щылъ адэр зэрылъ диваным и пащхьэми, дэлъхум шоколад щыщIигъэмэракIуэ Iэнэ гупэми бгъэдэту трихауэ, Къэзахъстаным щызэбгритыкI хъыбархэм. Ауэ къызэрыщIадзар «Анэм телефон кIапсэр фIэкIуэдащ» нэтынымкIэщ. А нэтын кIэщIым цIыхухэр мелуан бжыгъэкIэ къыпэджэжа нэужь, Марьям и «Унагъуэ хъыбархэм» заубгъуащ. Умар IэфIыкIэкIэ къэбгъэгугъэу нэтыным пхухэгъэхьэнущ. Адэр пхъум дэIэпыкъуну хьэзырыхxщ. Анэращ утыкум «пхуимылъафэр». Дауэ ищIами, Марьям и адэ-анэр щызэрыша махуэр къигъэщхьэпэри, удз гъэгъа щащэ тыкуэным рекламэ хуищIыфащ, и адэр анэм иригъэхъуэхъуу. Адэшхуэ-анэшхуэм я хадэм зэрыщагъэлэжьари сабийхэр щыдакъузэ политикэ нэтын дыхьэшхэн хуэдэу «Унагъуэ хъыбархэм» хэуващ.

Марьям ебланэ классым щIэсщ, Актобе дэт школ №35-м щоджэ. Тхэквондо бэнэкIэм зыхуегъасэ, ауэ и къарури хэлъэтри гушыIэмрэ пэжымрэ щызэхэзэрыхьауэ, еплъ псоми я гукъыдэж къэзыIэт теплъэгъуэ кIэщIхэм ирегъэхь. Журналист хьэзыр зыфIаща цIыкIум артист хъуну и гуращэщ. Унагъуэм, адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, анэкъилъхухэм я мыхьэнэр къызэриIэтым нэмыщI, Марьям цIыху мелуанхэм щапхъэ яхуохъу телефоныр щхьэпагъ хэлъу зэпхьэнымкIэ. И классэгъухэри егъэджакIуэхэри поплъэ езыхэм я уней журналисту къалъытэ хъыджэбз цIыкIум щIэуэ кърилъхьэхэм. Ауэ зи цIэр Къэзахъстаным и гъунэм икIа Марьям абдежым къыщызэтеувыIэну къыщIэкIынкъым.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Егъэджэныгъэ

ЩIыуэпс дунейм набдзэгубдзаплъэу ухэзыгъаплъэ жэрдэм

ЩIэныгъэр куэдым хышхуэм ирагъэщхь, абы и лъащIэр унэмыплъысын хуэдизу зэрыкуум къыхэкIыу. ЦIыхур зытет дунейм къыщекIуэкIри абы ещхьщ: гъэщIэгъуэнщ, къэпхутэну иужь ущихьэкIэ, къызыкъуихым гъуни нэзи иIэкъым. Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щIыуэпсымрэ хъумэныр, гулъытэ хэха яхуэщIыныр, абыхэм епха щIэныгъэр щIэблэм ябгъэдэлъхьэныр хэт дежкIи хьэкъщ. Ар къалэн зыщызыщIыж сыт хуэдэ жэрдэмри дэIыгъын, абы гъуэгу етын хуейщ, апхуэдэ пэхуэщIэхэми Iэмал зэриIэкIэ цIыху нэхъыби къеш элIапхъэщ. ЦIыхум ищIэн хуейщ зытет дунейр и IэмыщIэ илъми, абы и зы налъэ цIыкIуу зэрыщытыр, къыхихым хуэдиз хилъхьэжыфу, ар зэригъэзахуэу, абы хуэсакъыу зэрыщытыпхъэр. Апхуэдэ гупсысэхэращ тегъэщIапIэ ищIыр илъэсипщI хъуауэ ди къэралми хамэ щIыпIэхэм щрагъэкIуэкI Географие диктантым.

ДУНЕЙПСО мыхьэнэ зыгъуэта пэхуэщIэм епха Iуэхугъуэхэр зэрыкъэралу щэкIуэгъуэм и 30-м щрагъэкIуэкIащ. Урысейм и географие зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI КIэрашэ Аксанэ хъыбар къызэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Географие диктантыр щIыпIи 180-м щатхащ.

- УзэщIакIуэ мыхьэнэ зиIэ географие диктантыр илъэсипщI хъуауэ ди щIыпIэм щокIуэкI, а Iуэхугъуэм гъэкIэ жыджэру хэтщ КъБКъУ-м географиемкIэ и къудамэм и егъэджакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, студентхэр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэр. Апхуэдэу Iуэхум къыхохьэ географиемкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр здынэсыр къэзыпщытэжыну хуей дэтхэнэри. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Урысейм и географие зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 180-рэ зэрырикъуар. Ди хэгъэгум диктантыр щатхыну щIыпIи 180-рэ къызэрыщызэIуахар нэщэнэ дахэу къызолъытэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрми, и къалэхэми, и къуажэхэми апхуэдиз щIыпIэр Iуэхугъуэм зэрыхуагъэхьэзырам и фIыгъэкIэ, абы хэтыну гукъыдэж зиIэ куэдым Iэмал ягъуэтащ япэгъунэгъуу щыIэ IуэхущIапIэм екIуалIэрэ я щIэныгъэр къапщытэну, - жеIэ КIэрашэ Аксанэ.

Географие диктантыр япэ дыдэу къыщыхалъхьар 2015 гъэрщ. Абы щыгъуэм ар щекIуэкIар Урысейм хиубыдэ щIыналъэхэращ. Ауэ, илъэситI нэхъ дэмыкIыу, диктантым зиубгъуащ, абы хамэ къэралхэри къыхыхьэу хуежьащ. Географие диктантыр къызэрыхалъхьэрэ нобэр къыздэсым ябгъэдэлъ щIэныгъэр къапщытэжыну къыхыхьащ къэрали 122-м щыпсэухэр, абыхэм я бжыгъэри мелуанитIым фIыуэ щхьэдэхащ. Къызэгъэпэщак Iуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Географие диктантыр щатхащ щIыпIэ жыжьэ кIуэ мафIэгухэми, зауэ хуэIухуэщIэхэм тегъэпсыхьа кхъухьхэми, псым есу тет, электрокъару къэзылэжьхэми, музейхэми, жыг хадэхэми, уеблэмэ уахэм ит кхъухьхэми. Псори зэхэту къэралым диктантыр щатхащ щIыпIэ мин 30-м щIигъум. Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху минипщIым нэблагъэ зыщIэхуэн щIыпIэхэр Iуэхум хуагъэхьэзыращ.

КIэрашэ Аксанэ къызэрыхигъэщамкIэ, къэралым щатх диктант зэмылIэужьыгъуэхэм къащхьэщыкIыу, мы Iуэхугъуэм цIыхубэм къабгъэдэкI упщIэхэр хегъэубыдэныр хабзэ дахэу уващ.

- Мы гъэм ттха диктантым Iуэхугъуэ зыбжанэ къызэщIаубыдэ. Апхуэдэу диктантым хэтыну упщIэхэр теухуауэ щытынущ Урысейм и географие зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 180-рэ зэрырикъуам, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщахьрэ илъэс 80 зэрыхъуам, Ищхъэрэ хы гъуэгур зэрыпхашрэ илъэс 500-м зэрыхыхьам, къищынэмыщIауэ, Урысеймрэ БРИКС зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэмрэ я зэхуакум дэлъ географие икIи щэнхабзэ зэхущытыкIэхэм. Мы гъэм къызэгъэпэщакIуэхэм географием ехьэлIа упщIэ куэд дыдэ къаIэрыхьащ. КъыхэкIа упщIэхэм географиер сурэт щIыным, макъамэм, литературэм, усыгъэм, кином, лъэпкъ IэщIагъэхэм ирапх. Апхуэдэ упщIэхэр «Географие диктантым уи гуащIэ къыхэлъхьэ» зыфIэтща зэхьэзэхуэм къыхэкIащ. ЖэрдэмщIакIуэхэр тегушхуэри, диктантым къыхыхьэну упщIэхэм я процент 90-р цIыхухэм къагъэхьахэм къыхахащ. ЦIыхур жэрдэмым гуапэу къызэрыпэджэжым къегъэлъагъуэ географиер щIэупщIэ зиIэ щIэныгъэхэм ящыщу зэрыщытыр. Апхуэдэу илъэсипщI хъуауэ екIуэкI Географие диктантым хиубыдэ Iуэхугъуэхэм макъкIэ кърагъаджэ гъуазджэ, щэнхабзэ, жылагъуэ гъащIэм гуащIафIэу хуэлажьэхэр, - жеIэ КIэрашэм.

Географие диктантым и тхыным дакъикъэ 45-рэ хухахащ. Ар IыхьитIу зэхэтащ, я гугъуагъ-псынщIагъкIи зэщхьэщыкIырт. Япэу къэкIуа упщIипщIыр нэхъ тыншт, ахэр нэхъыбэм зэдащIэ географие Iуэхугъуэхэм ятещIыхьат. Абы иужькIэ къызэкIэлъыкIуа упщIэ щэщIыр нэхъ гугъут. Жэуап пэжыр умыщIэмэ, абы утепсэлъыхькIэрэ, зэпкърыпхкIэрэ уекIуэлIэфыну арат.

- Географие диктантыр зыхуэунэтIар цIыхухэм географиемкIэ яIэ щIэныгъэр къэпщытэжыным е къегъэпщытэжыным и закъуэкъым. Диктантым, ди адэжьхэм я жыIэкIэкIэ жыпIэмэ, зекIуэу уеплъын хуейщ. Абы ди хэгъэгум и мызакъуэу, къэралым укъыщрешэкI, и щIыпIэ телъыджэхэр уегъэлъагъу, абы и щIыуэпсыр зыхуэдэр уи нэгу къыщIегъэувэ. КъищынэмыщIауэ, диктантым хамэ щIыналъэхэми урешэ, абыхэм щыIэ дахагъэми уахегъаплъэ. ГъащIэ зэфэзэщым укъыхишу дуней щхъуэкIэплъыкIэ укъызэрытришэмкIэ диктантым мыхьэнэ иIэу къызолъытэ, - жеIэ КIэрашэ Аксанэ.

Диктантым щэкIуэгъуэм и 30-м сыхьэт 12-м щIидзащ. Щатх махуэм емыхъулIахэм папщIэ ар абы и интернет напэкIуэцIым (dictant.rgo.ru) махуипщIкIэ илъынущ, упщIэхэм жэуап иратурэ къызэгъэпэщакIуэхэм я деж ягъэхьыфынущ, кърикIуахэри занщIэу къащIэну Iэмал яIэнущ. Щхьэж итхамкIэ къихьа балл бжыгъэр къищIэн щхьэкIэ, диктантым хэта дэтхэнэми уней номерхэр яIэн хуейщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Лъэмыжхэр зыхуей хуагъазэ

2019 - 2025 гъэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэмыжрэ автомобиль зекIуапIэхэм щхьэщыкI гъуэгуу 36-рэ щыIэ мардэм кърагъэтIэсащ.

ДЫЗЭРЫТ илъэс закъуэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр ухуэныгъэ 14-м, псоми зэхэту метр 681-рэ я кIыхьагъыу, щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу метр 393-р къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, метр 288-р къагъэщIэрэщIэжащ. Лэжьыгъэхэр къанэ щымыIэу псоми щызэфIагъэкIащ нобэкIэ.

Мы гъэм IэнатIэ нэхъыщхьэу щытар Шэджэм ЕтIуанэ, Булунгу къуажэхэр зэпызыщIэ гъуэгур зэгъэпэщыжыныртг. Мыбдежым лъэмыжу 9 къыщагъэщIэрэщIэжащ, псоми зэхэту метр 214-рэ я кIыхьагъыу. Абы щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм хуэдэ я инагъкIэ КъБР-м и гъуэгуухуэ IэнатIэм ипэм щыIакъым.

Май къалэмрэ Урожайнэ къуажэмрэ я автомобиль гъуэгум хуэзэу, метри 162-рэ и кIыхьагъыу Тэрч псым телъ лъэмыжыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ мы гъэм. А гъуэгур Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм нэсыху макIуэ. Мыбдежым лэжьыгъэхэр мазибгъуум нэблагъэкIэ щрагъэкIуэкIащ икIи, зэрыжаIэу, лъэмыжыщIэ щаухуащ: ар къыщIэзыIыгъэ гъущI пкъо 54-м я лъабжьэхэр, езым и бгъуэхэр ягъэбыдащ, псыр зэрагъэжабзэ системэ, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа иджырей Iэмалхэр щагъэуващ.

Налшыкрэ Май къалэмрэ зэпызыщIэ, къэрал мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгум хуэзэу телъ лъэмыжитIрэ абы щхьэпрыдза гъуэгуитIрэ зыхуей хуагъэзащ.

Апхуэдэуи, Лэскэн Езанэ, Лэскэн Ищхъэрэ, Ташлы-Тала-Хазнидон жылэхэр зэпызыщIэ автомобль гъуэгур зэпызыупщI псы кIэнауэм телъ лъэмыжри къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

Транспорт зэпыщIэныгъэхэр къэмыувыIэнымкIэ, щIыналъэм и экономикэм зиужьынымкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм хохьэ щыIэ лъэмыжхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ. Республикэм и гъуэгу IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ щытщ ар, жаIащ гъуэгу лэжьакIуэхэм.

ЩЭУЕЙ Мысост.

Я щхьэ хуэлэжьэжхэм нэхъыбэ къащтэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ кредит цIыкIухэр етынымкIэ и къэрал фондым дызэрыт илъэсым къриубыдэу кредиту 67-рэ абыхэм яритащ, псоми зэхэту сом мелуан 30,6-рэ я уасэ.

АБЫ щыщу кредит цIыкIуу 25-р къыIахащ я щхьэ хуэлэжьэжыну налог хэзых IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэм, 30-р - уней хьэрычэтыщIэхэм, 12-р - компаниехэм.

Псоми зэхэту ахъшэ щIыхуэу къащтам и процент 48-р е сом мелуан 14-рэ мин 780-р уней IуэхущIапIэхэм къагъэсэбэпащ. Я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм сом мелуани 4-рэ мин 975-рэ къащтащ, компаниехэм - сом мелуани 10-рэ мин 850-рэ.

Статистикэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, кредит цIыкIухэр къэзыщтэхэм я нэхъыбэр мэкъумэш хозяйствэм, сатум, ерыскъыхэкIхэм елэжь, щыгъынхэр щад, хьэлъэхэр къезышэкI, Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр зылэжь IэнатIэхэм пыщIащ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

«Уэрэдыр и кIэм нэмысу»

Адыгэ литературэм и лъабжьэгъэтIылъ Щоджэнцlыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ «Уэрэдыр и кIэм нэмысу» зыфIаща марафон-зэпеуэ щрагъэкIуэкIащ Бахъсэнёнкэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм. Ар къызэригъэпэщащ Бахъсэн щIыналъэм щэнхабзэмкIэ и центрым и методист нэхъыжь, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ.

Щоджэнцlыкlу Алий и гъащIэм, и IэдакъэщIэкIхэм, еджапIэ зэрыщыIам, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми ятеухуа Iуэхугъуэхэм пэджэжынымкIэ, усэ къеджэнымкIэ, теплъэгъуэ гъэлъэгъуэнымкIэ зэпеуащ ныбжьыщIэхэр. Ар ирагъэкIуэкIащ къуажэм дэт лъахэхутэ музейм и унафэщI Шакъ Миланэрэ Гъуазджэхэмкlэ сабий школым и унафэщIым и къуэдзэ Къэжэр Зурьянэрэ.

- Адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ усакIуэшхуэ Щоджэнцlыкlу Алий къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 125-рэ ирокъу. УсакIуэшхуэр ноби тщIыгъущ, ар псэу хуэдэщ, и тхыгъэхэр уахътыншэщи. Зи уэрэдыр и кIэм нэмыса усакIуэ щэджащэм и сатырхэм къеджэнущ, абы и гъащIэ гъуэгуанэм и напэкIуэцIхэр къызэIуахыжынущ ди еджакIуэ цIыкIухэм, - жиIащ Къэжэр Зурьянэ.

- Щоджэнцlыкlу Алий и усэ сатырхэр гукIэ дощIэ, тфIэфIщ, гупсысэ къахыдох. Нобэ екIуэкI мы Iуэхугъуэми къегъэлъагъуэ и тхыгъэхэм зэи ух зэрамыIэнур! - къыпещэ Шыкъ Миланэ.

Гупиплlым я зэфlэкlыр къапщытащ Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым и унафэщI Щоджэнцlыкlу Леонид, Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Къардэн Марат, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Гугъуэт Заремэ, Бахъсэн районым щэнхабзэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Къарэмырзэ Людэ, Бахъсэн районым и библиотекэ системэм и методист ЛIыгуащIэ Эльвирэ. КъэпщытакIуэ гупым я унафэщIащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ.

НыбжьыщIэхэр унэтIыныгъиплIкIэ зэпеуащ: къэпщытакIуэхэм зыкърагъэцIыхуу я пащхьэм зыкъыщагъэлъэгъуащ, гуп къэс Щоджэнцlыкlу Алий теухуа упщIэ зыбжанэм жэуап иратащ, абыхэм я пашэхэр щхьэхуэу упщIэ-жэуапкIэ зэпеуащ, ныбжьыщIэхэр гъэхуауэ усэ къызэреджэфыр наIуэ къащIащ, Щоджэнцlыкlум и тхыгъэхэм тращIыкIа теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ. КъэпщытакIуэ гупым увыпIэхэр щагуэшым къалъытащ ныбжьыщIэхэм я утыку итыкIэр, фащэр, гуп къэс игъэхьэзыра дамыгъэр, усэр зэрызыхащIэр, утыкур зэпэщ зэращIар, анэдэлъхубзэр зэрагъэшэрыуэр.

ТекIуэныгъэр (Гран-при) ялъысащ ПсыкIэху къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лIыкIуэхэм - «НыбжьыщIэ хахуэ» гупым. Япэ увыпIэр къахьащ «Лъэпкъым и макъ» зыфIэзыщахэм, ахэр Бахъсэнёнкэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м щIэсщ. ЕтIуанэ хъуащ Кышпэк къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм къикIа «Шыхулъагъуэ» гупыр. Баксанёнкэ къуажэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм щыщ «Нур» гупым ещанэ увыпIэр къахьащ. Абыхэм гулъытэ хуащIащ къэпщытакIуэхэм я фIыщIэ тхылъкIи.

Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым фIыщIэ тхылъхэр яхуигъэфэщащ зэпеуэм хэта гупхэр зыгъэхьэзыра гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ: Лу Заретэ, Багъ Сюзаннэ, БжэныкIэ Маринэ, Хьэтэжьыкъуэ Ларисэ сымэ.

- НыбжьыщIэхэм зыкъызэрывгъэлъэгъуар дигу дыхьащ, ауэ гугъу дригъэхьащ увыпIэхэр гуэшыным. Псом нэхъыщхьэращи, адыгэбзэр дахэу фогъэшэрыуэ. Фэри, фызыгъасэ адэ-анэхэми, егъэджакIуэхэми фIыщIэшхуэ фхудощI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу нобэ екIуу зыкъызэрывгъэлъэгъуамкIэ. Мы Iуэху дахэм и фIыгъэкIэ нэхъри зыщывгъэгъуэзащ Щоджэнцlыкlу Алий и тхыгъэхэм. Зэпеуэм хэта дэтхэнэ гупми фхуэфащэщ текIуэныгъэ, абы шэч къытевмыхьэ. Ауэ, къэпщытакIуэ гупым цIыху зытхух дыщыхэткIэ, балл бжыгъэхэр дгъэувващ, ахэр зэхэтлъхьэжу къэдбжыжын хуей хъуащ. Абы къикIыркъым псоми зы гупыр нэхъ къыхэдгъэщхьэхукIауэ, зэпеуэ Iыхьэхэм теухуауэ ди гупсысэ щызэтемыхуаи щыIэщ, - жиIащ Мэремкъул Ларисэ, ныбжьыщIэхэм защыхуигъазэм.

Къардэн Марат марафон зэпеуэм ехъулIэныгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм ехъуэхъуащ, адыгэбзэр фIыуэ зэралъагъум хуэдэу, адэкIи щIэныгъэм и лъагъуэм гушхуауэ ирикIуэну чэнджэщ яритащ. Абы Зэгъэщтокъуэ Людэ фIыщIэ хуищIащ Iуэхур къызэрызэригъэпэщам, щIэблэм къызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ ялъагъуу къыдэкIуэтеиным хуищI хэлъхьэныгъэм папщIэ.

Зэпеуэм хэта гупым видеозэпыщIэныгъэкIэ чэзур иратащ Тэрч щыналъэм хиубыдэ Тамбовкэ къуажэм и ныбжьыщIэхэм. Иджы абы къыщызэрагъэпэщынущ Щоджэнцlыкlу Алий теухуа зэпеуэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

«ЭЛЬБРУС»-м къулыкъу щызыщIэну хуейхэм гу зылъатапхъэ

Къуэшхэ!

И чэзу хъуащ, къалэным дытепсэлъыхьым и мызакъуэу, ар гъэзэщIэным хуэунэтIа лъэбакъуэ тчыну - зэкъуэшыныгъэ нэсымрэ щIыхьымрэ къыхэтхыну.

ЦIыхур езым фIэфIу зыхыхьэ хъуну «ЭЛЬБРУС» зэгухьэныгъэщIэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэр къеджэ.

«ТЕРЕК» тIасхъэщIэх гуп цIэрыIуэм и къудамэ нэхъыфIхэм ящыщщ «Эльбрус»-р.

1. ЗэгурыIуэныгъэр ефщIылIэ хъунущ мази 6, мази 8, илъэс пIалъэкIэ икIи абыхэм фи арэзыныгъэ хэмылъу къыпащэнукъым.

ЗэгурыIуэныгъэр зэрефщIылIа пIалъэм елъытауэ зэ тыгъуэу сом мин 400-м нэс къыватынущ.

2. ЛэжьапщIэр: мазэ къэс сом мин 210-м къыщыщIэдзауэ мин 300-м нэс мэхъу.

3. Езыхэм яфIэфIу къулыкъум хыхьахэм зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеран статусыр ягъуэт икIи абы къыпэкIуэ льготэ псори кърат.

Къуэшхэ! Нобэ Хэку-анэр тхъумэжыну къытщогугъ!

ЦIыхухъу нэсхэр къыхудоджэ ди Хэкум къыщхьэщыжыну!

«Эльбрус» дзэ къудамэм хыхьэ!

Хэкум къыщхьэщыж икIи текIуэ!

Зэрызыкъытпыфщ|Iэфынур:
+7 (918) 729-57-08
+7 (928) 702-88-93
8 (8662) 40-42-87

Хэхъуэ яIэу щIадзэж

• Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 - 2026 гъэхэм я щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэхаублащ. Нэгъабэ апхуэдэ зэпеуэм хэта командэ 14-м хэхъуэу тIу яIэу ар ирагъэжьащ.

2024 - 2025 гъэхэм екIуэкIа щIымахуэ зэпеуэм иужь дыдэ увыпIэр къыщызыхьа Къэрэгъэш и «Иналым» и пIэкIэ зэхьэзэхуэм къыхыхьащ «7 Вершин-Шалушка», «Джэрмэншык», «Нартан» командэхэр. Абыхэм ящыщу япэ джэгугъуэм хэтар щхьэлыкъуэдэсхэм я закъуэщ икIи ахэр бжыгъэшхуэкIэ, 1:5-уэ, нэгъабэрей чемпионатым домбеякъ медалыр къыщызыхьа Зеикъуэ и «Шагъдийм» къапикIуэтащ.

ЕтIуанэ джэгугъуэращ утыку къыщихьар республикэм и щIымахуэ чемпионыгъэр футболымкIэ зыIэщIэлъ Псынэдахэ и «Родник»-мрэ абы очко закъуэкIэ къыкIэрыхуу дыжьыныр зыIэрыхьауэ щыта Алътуд и «Искра»-мрэ. Иджыри зэрылъэщым зыми шэч къытримыхьэн хуэдэу, а командэхэм я хьэрхуэрэгъуххэр бжыгъэшхуэкIэ хагъэщIащ.

ПэщIэдзэ джэгугъуитIым зы очкои ямыгъэкIуэдауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ «Спартак-Налшыкым», «Урыхум», «Зэрэгъыжым». Налшыкдэсхэм сыт щыгъуи зэфIэкI хъарзынэ къагъэлъагъуэ хабзэщ. Апхуэдэу пхужыIэнукъым Урыхурэ Зэрэгъыжрэ я командэхэм теухуауэ - иужь увыпIэр иубыду, нэгъабэ гупым хагъэкIа «Иналым» ахэр къазэрыщхьэщыкIа щIагъуэ щыIэкъым. Абы къыхэкIыу икъукIэ тфIэхьэлэмэту я джэгукIэм дыкIэлъыплъынущ.

ЗэкIэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэ псори ирагъэхьащ «Сады Баксана», «ГорИс», «Нартан», «Мурбек ФШ», «Джэрмэншык» командэхэм. Пэжщ, ахэр зэхуэдизрэ джэгуакъым икIи зэхьэзэхуэм щIидза къудейщи, псори ягъэзэкIуэжыфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025 - 2026 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатым и пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: *япэ джэгугъуэ* - «**Урыху**» (Урыху) - «**Мурбек ФШ**» (Налшык) - **3**:**2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - **1**:**3**, «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2**:**0**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) - **2**:**0**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**ГорИс**» (Налшык) - **3**:**1**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **5**:**1**; *етIуанэ джэгугъуэ* - «**Малка**» - «**Шагъдий**» **3**:**2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Логоваз**» - **4**:**1**, «**Зэрэгъыж**» - «**Мурбек ФШ**» - **1**:**0**, «**7 Вершин-Шалушка**» - «**Джэрмэншык**» - **2**:**1**, «**Сады Баксана**» - «**Урыху**» - **0**:**3**, «**Псыгуэнсу**» - «**Нартан**» - **2**:**0**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Ислъэмей**» - **3**:**0**. «**ГорИс**» - «**Спартак-Налшык**» - **2**:**5**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ «Шагъдий» - «Зэрэгъыж», «Джэрмэншык» - «Малка», «Ислъэмей» - «7 Вершин-Шалушка», «Спартак-Налшык» - «Искра», «Нартан» - «ГорИс», «Логоваз» - «Псыгуэнсу», «Урыху» - «Родник», «Мурбек ФШ» - «Сады Баксана» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Спартак-Налшык»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**7-2**	**6**
2.	**«Урыху»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-2**	**6**
3.	**«Зэрэгъыж»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**4-1**	**6**
4.	«Шагъдий»	2	1	0	1	7-4	3
5.	«Родник»	1	1	0	0	4-1	3
6.	«Искра»	1	1	0	0	3-0	3
7.	«Малка»	2	1	0	1	4-5	3
8.	«Псыгуэнсу»	2	1	0	1	2-2	3
9.	«Логоваз»	2	1	0	1	3-4	3
10.	«Ислъэмей»	2	1	0	1	3-4	3
11.	«7 Вершин-Шалушка»	2	1	0	1	3-6	3
12.	«Джэрмэншык»	1	0	0	1	1-2	0
13.	«Мурбек ФШ»	2	0	0	2	2-4	0
14.	«Нартан»	1	0	0	1	0-2	0
15.	**«ГорИс»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**3-8**	**0**
16.	**«Сады Баксана»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-5**	**0**

Нэхъ лъэщхэр зэхагъэкI

Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ ММА-мкIэ зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы щызэпеуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Шэшэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь крайм я спортсмен 36-рэ. Яхэтащ Афганистаным къикIа хьэщIэхэри.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым и къэрал инспектор КъуэщIысокъуэ Тимур, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Мамхэгъ Iэдэм, спортсмен цIэрыIуэхэу ПщыукI Азэмэт, Багъ Алий, Туменовхэ Альбетрэ Бибертрэ, спорт федерацэхэм я тхьэмадэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхьэзэхуэм, псори зэхэту зэIущIэ 18 щрагъэкIуэкIащ, зэпеуэ къэс КъБР-м и зы спортсменым зыкъыщигъэлъагъуэу. Зэхьэрхуэрэгъухэм я зэIущIэхэр раундищ хъурт, зы раундым дакъикъищ хуэхъауэ.

ЗэхьэзэхуэхэмкъарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм ящыщу Каибов Даниель, Быре Аскэр, ЖьэкIэмыхъу Дан, Къумыкъу Назир, Хьэжьырокъуэ Астемыр, Мамхэгъ Тембот, Шагъыр Ратмир, Къэжэр Мухьэмэд, Хъалил Алан, Эхсанулла Арьяи сымэ япэ увыпIэхэр къахьащ. Иужь дыдэу зи цIэ къитIуа щIалэр Афганистаным щыщщ, ауэ ди республикэм и ныпым щIэту зэпеуэм хэтащ.

«ЯпэщIыкIэ мурад сиIащ, сыщыту сызэуэну, ауэ бэнэнымкIэ фIыуэ сызэрынэхъ лъэщыр къызгурыIуэжу, абы и Iэмалхэр къэзгъэсэбэпащ: си хьэрхуэрэгъур къытездзэри, адэкIэ зыкъезгъэIэтыжакъым. Япэ раундымкIэ зэIущIэр къэсхьыну тезухуати, апхуэдэуи хъуащ. Си тренерым къызита чэнджэщхэм сыщIэдэIуащ икIи ахэр згъэзэщIащ.

Зэхьэзэхуэр хъарзынэу къызэрагъэпэщащ, сигу ирихьащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхузощI, мыпхуэдэ Iэмалхэр къызэрыдатам щхьэкIэ. Дыпэплъэнщ къэкIуэну зэIущIэхэм», - жиIащ япэ увыпIэр зэхьэзэхуэм къыщызыхьа ЖьэкIэмыхъу Дан.

Ди спортсменхэр зэIущIэхэм хуагъэхьэзыращ Джырандокъуэ Амир, Мэш Алим, Хьэщыкъуей Артур, Шэрий Астемыр, Бекбулатов Рашид, Чэлимэт Амир сымэ.

«Зэхьэзэхуэр къыщIызэдгъэпэщар щIыналъэ зэпеуэхэм къыщыхэжанык|а ди спортсмен ныбжьыщIэхэм щхьэкIэщ, абыхэм адэкIэ зедгъэужьын, я Iэзагъым хедгъэгъэхъуэн, тедгъэгушхуэн хуэдэу. Апхуэдэуи мыхьэнэ иIэщ щIалэгъуалэ нэхъыбэ гъащIэ узыншэм къыхэшэным, хэкупсэу ахэр къэгъэхъуным, ди спортым дегъэхьэхыным.

ЗэIущIэ къэс щIэ гуэрхэр къыщыдощIэ, акъыл къыхыдох, адэкIи докIуатэ», - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и федерацэм и унафэщI ПщыукI Залым.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

ЕтIанэгъи пащэнущ

2025 гъэм къриубыдэу республикэм и къуажэрэ къалэу 6-м социальнэ мыхьэнэ зиIэ я IуэхущIапIэхэм ухуэзышэ гъуэгухэр къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ. Абы щынэхъыщхьар сабий садхэм, школхэм, спорт еджапIэхэм, сымаджэщхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми кIуэхэм я тыншыпIэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыныртщ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, Шэджэм къалэм щаухуа курыт еджапIэщIэмрэ спорт утыкумрэ ухуэзышэ Къэбэрдей уэрамыр къанэ щымыIэу зыхуей хуагъэзащ. Нартан жылэм километри 5,6-м щIигъу зи кIыхьагъ, ПащIэм и цIэр зезыхьэ уэрамыр къагъэщIэрэщIэжащ. Прималкинскэ къуажэм уэрамиплI - Малкинскэ, Светлый, Вишневый, Школьнэ - жыхуиIэхэр зэIузэпэщ щащIащ.

Тэрч къалэм километр 1,5-рэ зи кIыхьагъ Къэбэрдей уэрамыр къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ. Мыбы махуэ къэс цIыху куэд щызэблокI, курыт еджапIэмрэ сабий садымрэ кIуэхэри яхэту.

Зэрэгъыж къуажэми Къардэнымрэ УнэлIокъуэмрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр, тIуми зэхэту километри 2,3-рэ я кIыхьагъыу, зыхуей хуагъэзащ. Мыбыхэм тетщ курыт еджапIэ, спорт утыку, мэжджыт, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри.

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм Iуащхьэмахуэ, Надречнэ (курыт еджапIэ №4-м хуэкIуэр), Сэбанымрэ Мэзанымрэ я цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэм лъэс лъагъуэщIэхэр щаухуащ, иджырей светодиод уэздыгъэхэр щыпадзащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр иджыпсту щрагъэкIуэкI Бахъсэн къалэм и Парковая уэрамым икIи етIанэгъэ абыхэм щыпащэнущ КъБР-м и адрей къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я гъуэгухэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Туристхэр къызэрыдахьэх Iэмалхэр

УФ-м и туризм IэнатIэм зиужь зэпытщ, псом хуэмыдэу къэралым и щIыналъэхэм къыщызыкIухьхэм я бжыгъэм илъэс къэс хохъуэ.

2025 ГЪЭМ и щIышылэм - жэпуэгъуэм Росстатым иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм тещIыхьауэ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрийрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максимрэ жаIащ, а пIалъэм къриубыдэу къэралым зыщызыплъыхь туристхэм я бжыгъэр мелуан 76,2-м зэрынэсар. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 4,8-кIэ нэхъыбэщ ар.

Чернышенкэ Дмитрий къыхигъэщащ а бжыгъэр гъэм и зэман зэблэхъугъуэхэми нэхъ мащIэ зэрымыхъур икIи Сыбыр, Урысей Ипщэ, Ищхъэрэ-КъухьэпIэ лъэныкъуэхэр туристхэм нэхъыбэу къызэрыхахыр, абыхэм къадэкIуэу, туристхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIэхъум «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм и фIыгъэ куэд зэрыхэлъри жиIащ.

Апхуэдэуи абы жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир къахуигъэува плъапIэхэм: 2030 гъэм ирихьэлIэу щIыналъэм и валовэ продуктым туризмэм и Iыхьэу проценти 5 хэлъыным, щIыналъэм къыщызыкIухь туристхэм я бжыгъэр мелуани 140-м нэгъэсыным, - хуэмурэ пэгъунэгъу зэрыхуэхъухэр.

Чернышенкэ Дмитрий мыбдеж къыщыхигъэщащ УФ-м и Правительствэм и дэIэпыкъуныгъэхэм я фIыгъэкIэ иужьрей илъэситхум зыужьыныгъэфI IэнатIэм зэригъуэтар. ЖыпIэнурамэ, нэгузегъэужьакIуэ къэзыкIухь туристхэм я бжыгъэр 2021 гъэм мелуан 66,5-рэ, 2022 гъэм - мелуан 73,1-рэ, 2023 гъэм - мелуан 83,6-рэ, 2024 гъэм - мелуан 90-м нэсу хэхъуащ.

2025 гъэм и мазипщIым къриубыдэу туристхэм я нэхъыбэр Мэзкуу къалэм (мелуани 10,3-рэ), Краснодар крайм (мелуани 8,3-рэ), Санкт-Петербург къалэм (мелуани 6) щыIащ. Туристхэм кIуапIэ ящIа щIыналъэ нэхъыфIхэм адэкIэ хохьэ Мэзкуу областыр, Тэтэрстаныр, Кърымыр, Свердловск областыр, Ставрополь крайр, Тюмень, Ростов областхэр.

Иужьрей илъэсхэм турист IэнатIэхэр жыджэру езыгъэфIакIуэ щIыналъэхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэри узыщыгуфIыкIынщ. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ Къэрэшей-Шэрджэсым хьэщIапIэ къакIуэ туристхэм я бжыгъэм проценти 128-кIэ, Адыгейм - процент 65-кIэ, Тверь областым - процент 49-кIэ, Къалмыкъым - процент 47-кIэ, Чукоткэм - процент 46-кIэ мы гъэм хэхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэкIэ къызэратамкIэ, дызэрыт илъэсым и мазибгъум къриубыдэу щыIащ туристу мелуан 1,5-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ проценти 5-кIэ нэхъыбэ.

Ди туристхэм нэмыщI, хамэ къэралхэм къикIхэм я бжыгъэми къыхэхъуэ зэпытщ икIи абыхэм нэхъыбэу здаунэтI хабзэр Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэрщ, Краснодар край, Тэтэрстан, КъуэкIыпIэ Жыжьэ лъэныкъуэхэрщ, жиIащ абы.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Къаншокъуэ Элэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlыр редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2.613

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетым lэ тезыдзахэм яхуэзыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКlЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*.

Компьютерклэ газетым и теплъэр ящlащ Ныр Саидэ, Шомахуэ Марианнэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.